


**Pa Prezidan
Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye nan
Premye Prezidans lan



Finì avèk tòch ou toujou limen

Nan ansyen peyi la Grès la, atlèt yo te konn fè konpetisyon nan yon kous relè yo te *lampadromia*.¹ Nan kous la, atlèt yo te konn kenbe yon tòch nan men yo epi yo pase l bay atlèt apre a jiskaske dènye manm nan ekip la te franchi liy final la.

Se pa t ekip ki te kouri pi vit la ki te ranpòte pri a—men, sete premye ekip ki te franchi liy final la avèk tòch li toujou limen an ki te ranpòte pri a.

Gen yon gwo leson la a, yon leson ansyen pwofèt yo ak pwofèt aktyèl yo anseye: pandan ke li enpòtan pou nou kòmanse kous la, li pi enpòtan toujou pou nou fini avèk tòch nou toujou limen.

Salomon te derape solid

Gran Wa Salomon se yon egzanp sou yon moun ki te derape solid. Lè l te jèn, li te “renmen Senyè a, epi li te mache dapre lòd papa li, David, te ba li” 1 Wa 3:3. Bondye te kontan avèk li epi l te di: “Kisa ou ta vle m ba ou” 1 Wa 3:5.

Olye l te mande richès oswa yon lavi long, Salomon te mande “yon lespri veyatif pou m te ka gouvène pèp la, pou m konn sa ki byen ak sa ki mal” 1 Wa 3:9.

Sa te sitelman fè Senyè a plezi ke l te bay Salomon non sèlman benediksyon lasajès men richès ki te depase mezi ak yon lavi long tou.

Malgre Salomon te trè saj, epi li te reyalize anpil gwo bagay, li pa t fini solid. Sa tris pou n di ke, apre nan lavi li,

“Salomon te tanmen fè sa ki mal devan Senyè a, epi li pa t sèvi l ak tout kè l 1 Wa 11:6.

Finì pwòp kous pa nou an

Konbyen fwa nou kòmanse yon bagay epi nou pa fini li? Rejim? Aktivite spòtif? Angajman pou nou li ekriti yo chak jou? Desizyon pou nou vin pi bon disip Jezikri?

Konbyen fwa nou pran rezolisyon nan mwa Janvyè epi nou pousuiv yo avèk gwo detèminasyon pandan kèlke jou, kèlke semèn, oubyen menm pandan kèk mwa epi rive Oktòb, flanm angajman nou an bese anpil jiskaske l prèske etenn?

Yon jou, m te wè yon foto komik ki te montre yon chyen ki te kouche bò kot yon moso papyè li te dechire. Foto a te ekri: “Sètifika Fòmasyon chyen-Obeyisans.”

Nou menmjan ak chyen sa a pafwa.

Nou gen bon entansyon; nou derape solid; nou vle fè pi byen nou kapab. Men alafen, nou kite rezolisyon nou yo kreze, detwi, epi nou bliye yo.

Sa fè pati nati imèn nan, pou nou bite, echwe, e pafwa anvi abandone kous la. Men, antanke disip Jezikri, nou te pran angajman pou nou non sèlman kòmanse kous la men pou nou fini l tou—epi pou nou fini li avèk tòch nou toujou limen. Sovè a te pwomèt disip li yo: “Moun ki pèsè-vere jiskalafen, y ap sove” (Matye 24:13).

Kite m parafraze sa Sovè a pwomèt nou nan epòk nou an: Si nou respekte kòmandman yo epi nou fini kous la

avèk tòch nou toujou limen, n ap gen lavi etènèl, ki se pi gwo nan tout don yo (2 Nefi 31:20).

Limyè ki pa janm etenn nan

Pafwa, apre nou fin bite, echwe, oubyen menm lage sa, nou vin dekouraje epi nou panse ke limyè nou an etenn epi nou pèdi kous la. Men, mwen temwaye ke Limyè Kris la pa ka etenn. Li briye nan fènwa lannuit la epi l ap relimen kè nou si sèlman nou lage kè nou ba li (gade 1 Wa 8:58).

Kèlkeswa kantite fwa nou tonbe oubyen nan ki pwofondè nou tonbe, Limyè Kris la toujou klere byen klè. Epi, menm nan lannuit ki pi pwofon an, si nou fè yon pa al jwenn ni, limyè li ap chase tenèb yo e l ap relimen nanm nou.

Kous sa a kòm disip Kris la se pa yon senp kous li ye; se yon marathon. Epi, vitès nou pran an pa fè anpil dife-rans. Anfèt, sèl fason nou ka pèdi kous la se si nou tonbe anba tantasyon oubyen nou lage sa.

Osi lontan nou kontinye kenbe epi nou avanse al jwenn Sovè nou an, n ap genyen kous la avèk tòch nou k ap briye byen klè.

Paske, tòch la se pa osijè nou menm oubyen kisa n ap fè. Se osijè Sovè mond lan.

Epi sa, se yon Limyè ki pa ka janm etenn. Se yon Limyè ki chase fènwa, ki geri blese, e ki limen menm nan mitan doulè ki pi pwofon ak fènwa ki pi ekstrèm nan.

Se yon Limyè ki depase konpreyansyon.

Se pou nou chak fini chemen an nou te kòmanse a. Epi avèk èd Sovè nou ak Redanmtè nou an, Jezikri, n ap fini jwayezman epi avèk tòch nou toujou limen.

NÒT

1. *Harpers Dictionary of Classical Antiquities* (1898), "Lampadedromia," www.perseus.tufts.edu/hopper. Pausanias la dekri yon kous diferan kote moun k ap pote tòch yo, posibman youn ki soti nan chak tribi, pase tòch yo a bay lòt moun. Men, tankou nan *lampadedromiaa*, moun ki te ranpòte laviktwa a sete premye moun ki te rive nan fen kous la avèk tòch li limen an.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Panse pou w ankouraje moun w ap anseye yo pou yo reflechi sou kote yo rive nan "kous" lavi yo a. Èske tòch yo a klere byen klè? Ou gen dwa li fraz ki di ke Limyè Kris la se "yon Limyè ki chase fènwa, ki geri blese, e ki limen menm nan mitan doulè ki pi pwofon ak fènwa ki pi ekstrèm nan." Apresa, panse pou w pale avèk moun

w ap anseye yo sou fason Limyè Kris la te enfliyanse lavi yo nan lepase ak fason li enfliyanse lavi yo kounyeya.

JÈN YO

Mete gaz nan tòch ou a: Tès 30 jou a

Pou jèn yo nan Legliz la ki gen lavi okipe yo, li fasil pou yo pran nan yon woutin, espesyalman nan zafè bagay espiyèl yo. Nou li ekriti nou, nou priye, epi nou adore nan menm fason an prèske chak jou epi apres a n ap mande pouki nou sanble nou pap pwogrese espiyèlman.

Youn nan pi bon fason pou nou kenbe tòch espiyèl nou limen se lè nou asire ke n ap fè eksperyans espiyèl ki siyifikan. Men, se yon bagay ki pi fasil pou nou di pase pou nou fè, konsa, men yon sigjesyon pou ede ou kontinye pwogrese espiyèlman: Panse ak yon aktivite anrapò avèk levanjil la ou te fè anvan (oubyen ou pa t janm fè) epi pran angajman pou w fè l chak jou pandan yon mwa. Ou ka kòmanse piti paske w ap twouve ke l pi fasil pou fè ti chanjman yo vin tounen chanjman k ap dire. Antreprann bagay k ap fè nou soti nan zòn konfò espiyèl nou kapab mande plis lafwa ak plis efò bò kote pa nou, men, lè nou fè yo, nou envite Sentespri a pou l rete avèk nou, epi nou montre pi gwo lafwa nan Pè Selès la ak yon dezi pou nou rapwoche nou de li. Men kèk ide pou ou derape:

- Fikse bi pou fè priye ou maten ak aswè. Eseye priye fò.
- Reveye 15 minit pi bonè epi li ekriti yo anvan w al lekòl.
- Li diskou konferans jeneral ki pase yo.
- Poste yon ekriti nan Liv Mòmmon an nan medya sosyal.
- Koute kantik oubyen mizik Legliz la olye de mizik regilye w yo.

TIMOUN YO

Fè tòch ou a briye

Sa gen lontan, nan peyi La Grès, te gen yon kous kote atlèt yo te konn kouri avèk tòch ki te limen nan men yo. Moun ki te kouri nan tout kous la avèk tòch li ki te rete limen an, sete limenm ki te genyen kous la. Prezidan Uchtdorf di ke lavi a se tankou kous sa a. Tòch la nou kenbe a se Limyè Kris la. Lè nou eseye vin tankou Jezikri, nou fè tòch nou briye pi klè.

Kisa nou ka fè pou nou ka vin tankou Jezi epi fè tòch
nou briye pi klè? Chwazi pami lis sa a:

Salye yon moun ki sanble l solitè oubyen souri ba li

Rete fache avèk yon moun

Pran swen kò ou

Moke frè w oswa sè w la

Obeyi pwofèt la

Lage sa lè w fè yon erè

Ede yon moun

© 2015 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini
Damerik. Apwobasyon anglè: 6/15. Apwobasyon tradiksyon: 6/15. Tradik-
syon *First Presidency Message, October 2015* Haitian Creole 12590 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

Karakteristik divin Jezikri: Ranpli ak charite ak lanmou

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan Li e beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwayer yo? Pou plis enfòmasyon ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa a se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan fwayer ki dekri kalite Sovè a genyen.

Gid Ekriti yo defini charite kòm “kalite lanmou ki pi wo, ki pi nòb, ak pi solid la” “Charite”. Se amou pi Jezikri. Si nou aprann sou Jezikri epi nou eseye vin menmjan avèk li, n ap kòmanse santi amou pi li nan lavi nou epi n ap santi nou pouse pou nou renmen ak sèvi lòt moun jan l ta fè a. Prezidan Thomas S. Monson di: “Charite se gen pasyans avèk yon moun ki kite nou tonbe.” “Se reziste anba santi-man pou nou vin fasilman ofanse a. Se aksepte feblès ak erè. Se aksepte moun jan yo vrèman ye a. Se gade odela aparans fizik pou nou chèche kalite ki pap febli avèk letan. Se reziste anba santiman pou nou kategorize lòt moun nan.”¹

Nan Liv Mòmò an, nou aprann gwo verite ke nou dwe “priye Papa a avèk tout enèji kè nou pou [nou] kapab chaje avèk lanmou l li te devèse sou tout moun ki se vrè disip Pitit Gason li a, Jezikri; pou

[nou] kapab vin tounen pitit gason [ak pitit fi] Bondye; pou lè l parèt pou nou kapab tankou l paske n ap wè l jan li ye a; pou nou kapab gen esperans sa a pou nou pirifye menmjan li pi a” (Mowoni 7:48).

Ekriti adisyonèl

Jan 13:34–35; 1 Korentyen 13:1–13; 1 Nefi 11:21–23; Etè 12:33–34

Nan Istwa Nou

“Yon sè ki te fèk vin vèv te rekonnesan pou enstriktris nan fwayer li ki te kriye avèk li epi rekonfòte li. Li te ekri: “Mwen te dezespere man bezwen yon moun pou te epole m; yon moun ki t ap koute mwen. . . . Epi yo te koute. Yo te konsole mwen. Yo te kriye avèk mwen. Epi yo te ban m akolad . . . [epi] yo te ede m soti nan pwofon dezespwa ak depresyon premye mwa solitud sa yo.”

“Yon lòt sè te di kisa l te santi lè l te resevwa vrè charite nan men yon enstriktris nan fwayer: “Mwen te

konnen ke m te plis pase jis yon nimewo nan liv rejis yo pou li. M te konnen ke li te sousye pou mwen.”²

Tankou sè sa yo, anpil Sen Dènye Jou toupatou nan mond lan kapab temwaye de verite deklarasyon sa a Prezidan Boyd K. Packer (1924–2015), ki sete Prezidan Kolèj Douz Apot yo, te fè a: “Ala sa rekonfòtan pou n konnen ke, kèlkeswa kote [yon fanmi] ale, gen yon fanmi legliz k ap tann ni. Osito ke yo rive, mesye a ap fè pati yon kowòm prèttriz epi fi a ap fè pati Sosyete Sekou.”³

NÒT

1. Thomas S. Monson, “Charity Never Fai-leth,” *Liahona*, Nov. 2010, 124.
2. *Filles dans mon royaume: l’histoire et l’oeuvre de la Société de Secoursy* (2011), null 119-120.
3. *Filles dans mon royaume*, 87.

Konsidere bagay sa a

Nan ki fason Kris la se egzanp pafè nou sou lanmou ak charite?